rivojlantirishning muhim yo'nalishlari, global transport strategiyasining asosiy yo'nalishlari va yuqori sifatli transport xizmatlarini yaratish parametrlari, sifat standartlarining amalga oshirilishi xususida so'z yuritiladi.

**Tayanch so'zlar:** jahon iqtisodiyoti, transport, yo'lovchi tashish, transport xizmatlari, raqobat, transport xizmatlari bozori.

*Проблемы и перспективы развития рынка транспортных услуг*

**Аннотация.** В данной статье говорится о путях повышения конкурентоспособности мировой экономики и качества жизни населения за счет использования безопасных и качественных транспортных услуг, а также об основных компонентах создания конкурентоспособной транспортной системы. Обсуждаются формирование конкурентного рынка транспортных услуг, важные направления развития мировой транспортной системы.

**Ключевые слова.** мировая экономика, транспорт, пассажирские перевозки, транспортные услуги, конкуренция, рынок транспортных услуг.

*Problems and prospects for the development of the transport services market*

**Abstract.** This article talks about ways to increase the competitiveness of the global economy and the quality of life of the population through the use of safe and high-quality transport services, as well as the main components of creating a competitive transport system. The formation of a competitive market for transport services and important directions for the development of the global transport system are discussed.

**Key words.** world economy, transport, passenger transportation, transport services, competition, transport services market.

---

# БИЛИМЛЕНДИРИЎ ТАРАЎЛАРЫНДА ИННОВАЦИЯЛАРДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

**Отеев У.А, Разбаев.С.Н**

*Қарақалпақ Мәмлекетлик Университети.*

Дерлик ҳәр күни қулағымызға инновация менен байланыслы көплеген гәплер еситиледи. Инновацияның өзиниң не екенлиги, ол қандай мақсетлер ушын хызмет етиўи, ҳаққындағы түсиниклер, инсанлардың санасында қәлиплесип үлгерген болса да, дәслеп бул түсиникке тоқталамыз. Инновация – базар талап ететуғын өним ҳәм процесслердиң, өнимдарлығын тәмийинлеў менен байланыслы процесслердиң жыйындысы. Инновация атамасы латын тилиндеги “новацио” сөзинен келип шығып, жаңаланыў (өзгерис), қандайда бир тараўдағы раўажланыў деген мәнислерди билдиреди. Инновация түсиниги көбирек экономикалық атама ретинде пайдаланылса да оның ҳуқықый мазмуны, мәмлекетлер тәрепинен таза технологияларды раўажландырыў арқалы байытылып барады. Инновация илимий ҳуқықый әдебиятларда дәслеп XIX әсирде пайда болған

Өзбекстан Республикасының Инновацион ҳәрекет ҳаққындағы Нызамы, Республикада инновациялық процесслер менен байланыслы қатнасықлрды тәртипке салыў, Нызам бойынша, инновациялық ҳәрекеттиң таза дөретпелерин шөлкемлестириў, сондай-ақ өндирислик тараўда олардың иске асырылыўын тәмийинлеў бойынша ҳәрекет болып есапланады

Президентимиз тәрепинен тастыйықланған “Илимий-изертлеў орайларының инфраструктурасын буннан былайда беккемлеў ҳәм инновациялық ҳәрекетти раўажландырыў илажлары ҳаққында” ғы Қарары, инновациялық ҳәрекетти жәнеде раўажландырыў тараўындағы әҳмийетли қәдем болды. Қарарда белгиленген илажлар алымларымыздың күнделикли  жумыс ислеў жағдайларын жақсылаў менен бир қатарда олар тәрепинен орынланып атырған илимий-изертлеў жумысларының сапа көрсеткишлериниң халық-аралық талаплар дәрежесине жетиўин тәмийинлейди. Өзбекстанда илим ҳәм өндиристиң бирлигин беккемлеў, илим-техниканың раўажланыўында фундаментал изертлеўлерди қоллап-қуўатлаў, әмелий жумыслар (дөретпелер) ҳәм инновациялық идеялар ушын беккем тийкар жаратылғанлығын атап өтиў орынлы. Президентимиздиң басшылығында жоқары технологиялық илимий өнимлерди жетистириўши инновациялық орайларды шөлкемлестириў, олардың ҳәрекетин  хошаметлеў, илимий-инновациялық өнимлерди әмелиятқа кеңнен енгизиў тараўындағы реформалардың избе-излик пенен иске асырылып атырғанлығы мақтаўға ылайық.

Ташкенттеги Талабалар қалашасында, Инновацияларды енгизиў илимий-мелий орайының шөлкемлестирилиўи ҳаққында айтқан Президент Шавкат Мирзиёев, "Халқымыздың дүнья қарасында инновациялық орталықты жаратыў ең әҳмийетли ўазыйпамыз болып еспланады. Инновация болмас екен, ҳеш бир тараўда бәсеке, раўажланыў болмайды. Бул тараўдағы өзгерислерди халқымызға тез жеткермесек, адамларда көнликпени пайда етпесек, бүгинги дәўирдиң пәти, илим -техниканың бурын көрилмеген жетискенликлери мнен тең қәдем таслай алмаймыз ", деп айтқан еди. [4]. Мәмлекетимизде илим-техниканың раўажланыўының өзине сай өзгешеликлери билимлендириў системасында оқытыўдың инновациялық ҳәмде алдыңғы шет ел тәжирийбелерин қолланыўда белгили болмақта, Билимлендириў системасын реформаластырыўдағы бундай ҳәрекетлер жәмийет турмысының барлық тараўлары ушын жоқары потенциялға ийе кадрларды таярлаў ҳәмде барлық тараўларды заман талабына сай түрде раўажландырыўға имкан береди. 2017-2021-жылларда илимий-изертлеў мекемелериниң инфраструктурасын бекемлеў ҳәм инновациялық искерликти раўажландырыў бойынша бир қатар комплексли илажларды өз ишине қамтып алған бул қарар, инновациялық экономиканы раўажландырыўда беккем тийкар болыўына гүман жоқ.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң Олий Мажлиске Мурожаатнамасында, мәмлекетимиз, заманагөй раўажланыўға ерисиў мақсетинде, инновацилық раўажланыў басқышына қәдем қойылғанлығы атап өтилген. “Инновация – бул келешек дегени. Биз уллы келешегимизди қурыўды... усы инновациялық идеялар тийкарында баслаўымыз керек. Инновациялық раўажланыў ҳәм санлы экономикаға өтиўимиз өз-өзинен емес. Себеби заман тез пәт пенен раўажланып атырған ҳәзирги ўақытта ким утады? Таза пикир, таза идеяға, инновацияға сүйенген мәмлекет утады.” [4]. Өзбекстан Республикасының “Инновациялық ҳәрекет ҳаққында” ғы Нызамында

“***инновация***” ҳәм “***инновациялық ҳәрекет***” ке төмендегише анықлама берилген: “*инновация* – пуқаралық қатнасықларға киргизилген ямаса жеке мүтәжликлер ушын пайдаланатуғын, қолланыўы турмыста үлкен социал-экономикалық нәтийжеге ерисиўди тәмийинлейтуғын таза дөретпе”, “*инновациялық ҳәрекет* – таза дөретпелерди шөлкемлестириў, сондай-ақ өндиристе олардың қолланыўы ҳәм иске асырылыўын тәмийинлеў ҳәрекети” деп, тәрийип берилген. [1]. 1930-жыллары Й. Шумпетер тәрепинен *инновация* түсиниги енгизилди ҳәм ол өнимди өндириў, сатыў, жеткерип бериў процесслериндеги таза ямаса жетилистирилген техникалық, технологиялық, шөлкемлестириўшилик характердеги қарарларды қолланыў нәтийжесинде пайда болатуғын өзгерислерди билдирер еди. [5] Илим-пән ҳәм техниканың жетискенликлерин кең қоллаған түрде, экономикалық тармақларға, социаллық ҳәм басқа да тараўларға. заманагөй инновациялық технологияларды тез пәт пенен енгизиў, Өзбекстан Республикасының жедел раўажланыўының әҳмийетли шәрти болып есапланады. Бул тараўда, Өзбекстан Республикасының “Илим-пән ҳәм илимий ҳәрекет ҳаққында” ғы Нызамы (29.10.2019 ж. N ЎРҚ-576) қабыл етилген болып, ол илим-пән ҳәм илимий ҳәрекет тараўындағы қатнасықларды тәртипке салыўдан ибарат. Нызам тиккелей илимий тараўда изертлеў жүргизип атырған субъктлерге, инновациялық ҳәрекет тийкарында, илим-пәнди раўажландырыўға бағдарланғанлығы менен үлкен әмийетке ийе. оның “Илим-пән ҳәм технологияларды раўажландырыўдың тийкарғы бағдарлары” деп аталған 19-бабында “Илим-пән ҳәм технологияларды раўажландырыўдың тийкарғы бағдарлары, миллий экономиканың бәсекеге шыдамлылығы ҳәм де нәтийжелигине ерисиў, мийнет өнимдарлығын жоқарылатыў, таза тармақларды ашыў, халықтың турмыс дәрежеси, илим-пән ҳәм билимлендириў системасының сапасын асырыў менен байланыслы машқалалардың илимий шешимин тәмийинлеў мақсетинде ислеп шығылады” деп белгилеп берилген. [2]

Бул өз гезегинде, инновациялық ҳәрекетти иске асырыўға имкан береди. Инновациялық өзгерислердиң көпшилиги турмысымызға санаат товарлары менен кирип келеди ҳәм жасаў жағдайымызды жақсылаўға, жеңиллестириўге каратылған. Мысал ушын, электрон-нурлы телевизор ҳәм мониторлерден суйық кристаллы экранларға өтиў. Уялы байланыс қуралларының кирип келиўи, инновациялық жаңалыққа мысал болады. Улыўма алғанда, қарыйдарлардың қызығыўына себепши болатуғын барлық товарлар, инновацияға мысал бола алады. Яғный, санлы фотоаппаратлар, видеокамералар ҳәм басқа да көплеген товарлардың тийкарында инновациялық жаңалықлар турады.

Өзбекстанда инновацияларға "жасыл шырақ" жағылды. Инновациялардың пайда болыўы - узақ жыллар даўамында иске асырылған жүдә машақатлы мийнеттиң нәтийжеси. Бирақ, инновацияларды жаратыўға қарағанда, оны енгизиў қыйын мәселе болып есапланады. Президент Шавкат Мирзиёев Өзбекстанда инновацияларға "жасыл шырақ" ты енгизиў мақсетинде, "Өзбекстан Республикасы Инновациялық раўажланыў министрлигин шөлкемлестириў ҳаққында" ғы Пәрманға қол қойды.

Таза министрликтиң ўазыйпалары, мәмлекетте илимий-изертлеў ҳәм инновациялық ҳәрекеттиң жетискенликлерин үгит-нәсиятлаў, бул тараўда нәтийжели механизмлерди ислеп шығыў, илимий-экспериментал қәнийгелескен лабораториялар, жоқары технологиялық орайлар, технопарклер ҳәм баска да инновациялық структураларды беккемлеўден ибарат.

ӘДЕБИЯТЛАР

1. Ўзбекистон Республикасининг “Инновацион фаолият тўғрисида”ги Қонуни. 2.Ўзбекистон Республикасининг “Таълим тўғрисида”ги Қонуни. 23.09.2020 йил
2. Ўзбекистон Республикасининг “Илм-фан ва илмий фаолият тўғрисида”ги Қонуни. 4.Мирзиёев Ш.М. Ўзбекистон Республикаси Президентининг Олий Мажлисга Мурожаатномаси. – Т.2022,.
3. Шумпетер Й. Теория экономического развития. М., Директ-Медиа, 2007. 4.

**Аннотация:** мақалада инновация ҳәм инновациялық ҳәрекеттиң мазмуны ҳәм әҳмийети, оларға берилген шет еллик ҳәм Өзбекстанлы алымлар тәрепинен берилген анықламалар келтирилген. Сондай-ақ, “Инновациялық ҳәрекет ҳаққында”, “Билимлендириў ҳаққында” ҳәмде “Илим-пән ҳәм илимий ҳәрекет ҳаққында”ғы Нызамлар “Инновация” ҳәм “Инновациялық ҳәрекет” ке берилген түсиниклер, көз-караслар бойынша пикирлер баян етилген.

**Таяныш сөзлер:** инновация, инновациялық ҳәрекет, инновациялық процесслер, билимлер экономикасы, санлы экономика, кәсиплик инновациялық ҳәрекет.

**Abstract:** this article is focused on the meaning and content of innovation and innovative activity and the descriptions given to them by Uzbek scientists and scientists from foreign countries. Besides that the article comprises different opinions and approaches on the descriptions, attitudes articles given to “Innovation” and “Innovative activity” in the framework of the laws on “Innovative activity”, “Education” and “Science and scientific activity”.

**Keywords:** innovation, innovative activity, innovative processes, economy of knowledge, digital economy, professional innovative activity.

---

**УДК 336.02**

## СОЛИҚ СОЛИШНИНГ КОРХОНАЛАР МОЛИЯВИЙ ҲОЛАТИГА ТАЪСИРИНИ БАҲОЛАШ

**Қудияров К. Р.**

*Қорақалпоқ давлат университети*

**1. Кириш.** Барчага маълумки, корхоналарнинг молиявий барқарорлиги мамлакатнинг ижтимоий-иқтисодий ривожланиши ва шу билан бирга, аҳоли фаровонлигини оширишда муҳим рол ўйнайди. Бизнес юритишдан максимал самарага эришиш учун тадқиқ қилиниши ва қўлланилиши зарур ҳисобланадиган бозор иқтисодиётининг объектив реаллиги иқтисодий муносабатларнинг тегишли гуруҳлари бўлган ишлаб чиқариш,